Juróomeelu nettali bi- **Cosaanu Ndombo (**extract from Contes et Mythes Wolof,Kesteloot et Mbodj, 1983

## I. Nettali bi

As soxna dafa amoon doom ju jigéen. Bi doom ji matee sëy mu maye ko. Yàlla def xale ba ëmb. Bi mu demee ba ci juróom ñenti weeram, am bés, mu nekk ag yaayam ; ba ñu añee ba sottal, yaay ji woo nag ñetti moroomam. Mu daldi né moroom yi :

- Dama bëggoon ngeen àndal maag sama doom ji nekk ci mat, yóbbu ko mu doxantu ndax yaramam wi nàyyi.

Moroom yi daldi ànd ak xale bi doxantuji ba ci tàkku dex ga, taxanaale fa. Bi ñu taxanee bay ñibbi, ñu ñów ba ci taatu daqaar gi, yenneeku fa, di naan ci dex gi. Mat wi daldi jàpp foofu xale bi, mënatula def dara. Mu tëdd ci taatu daqaar gi, ñi mu àndaloon né ko :

- Xaaral ñu daw ca dëkk ba woowi sa yaay.

Bi àndandoo ya demee, xale bi des fa, moom doŋŋ ag jaljaleem. Jinné ji dëkoon ci daqaar gi daldi génn fekk ko ci taatu daqaar gi, moom rekk. Mu dimbali ko ba mu wasin. Daldi ko jël moog liir ba, yóbbu leen ci biir garab gi.

Bi àndandooy xale bi wootejee ba dellusi, gisatuñu kenn ci taatu garab gi ñu ko bàyyiwoon !

Bi ñu wutee ba tàyyi gisuñu kenn, ñu yaakaar né rabu àll dafa lekk xale ba. Booba xale ba a nga kër jinné ja.

Jinné ji ngénté na ko santale liir bi santam ; xale bi toog na lu tollu ni ñetti weer kër jinné ji ; bés bu ne jinné ji dina dem ca dëkk ba seet lu xew kër yaayu xale bi, xamal ko ko.

Benn bés mu ñów né xale bi :

- Yërëm naa sa yaay ndax bi ma la jëlee ba léegi, guddeeg bëccëg mu ngiy jooy. Dinaa la bàyyi nga ñibbi ngir moom.

Bi mu ko waajalee, wutal ko yéré ag wurus  wu bare, daldi woo doomam yépp ñu teewe, mu né xale bi :

- Man, Maymuna laa tudd, sant Jóob. Duma sa yaay waay mel na ni maa la jur ; ndax dëkk bi nga nekkoon maa di seen rabu tuur. Maa yilif mbooleem ñi dëkk ci daqaar gi. Dinaa la booleeg suma doom yii, ñu gungé  la ba ca sa kër yaay.

Noonu mu jekki ba guddi daldi ko génné, dellu woo jinné yépp ñu teewe, mu dindi benn ndombo jox ko, wax ko xam-xam ndombo gi, teg ca né :

- Joxuma la fas gi, yow sa bopp, sa doom laa ko jox. Su ko tàkkee dina yàgg ci àddina. Boo demee seen dëkk ngalla bu kenn dindi sant wi ma la jox. Te boo demee seen dëkk na nga fexe  dëkksi yaag sa yaay ag sa jëkkër ci taatu dex gi. Dëkk bi ngeen nekkoon dinañu toxusi, fekksi leen, boo defee li ma la wax ; sa doom : cosaanam ag lu bokk ci giiram ñoo di moom dëkk bi.

Bi xale bi ñibbee, fexe ba toxu ca taatu dex gi, waa dëkk ba wàccsi ci taatu dex gi, fekksi leen.

Doomu xale bi nekk buuru dëkk bu bees bi, bi mu màggee.